# «АЛПАМЫС» ҲӘМ «МАНАС» ДӘСТАНЛАРЫНДА ОБРАЗЛАР УҚСАСЛЫҒЫ

**Бекмурза улы Азиз** – *излениўши*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** фольклор, поэтика, қаҳрамон, достон, мотив, сюжет, образ.
**Ключевые слова:** фольклор, поэтика, герой, эпос, мотив, сюжет, образ.
**Key words:** folklore, poetics, hero, epik, motive, plot, image.

**Кирисиў.** Қарақалпақ халық дәстаны «Алпамыс» дәстаны ҳаққында фольклористика илиминде бир қанша илимий жумыслар әмелге асырылған. Бирақ бир қанша илимий изертлеў жумыслары болғаны менен «Алпамыс» дәстаны менен қырғыз халқының «Манас» дәстанының сюжети, образлары, поэтикасы салыстырмалы түрде үйренилмеген. Биз бул изертлеў жумысларына тоқтап отырмаймыз. Қырғыз халқының дүньяға белгили қаҳарманлық дәстанларының бири «Манас» дәстаны да жүдә көплеген алымларды қызықтырып келген ҳәм бул дәстан бойынша бир қанша илимий жумыслар исленген. Қарақалпақ ҳәм қырғыз қаҳарманлық дәстанлары бойынша салыстырмалы-типологиялық бағдардағы яғный «Манас» ҳәм «Алпамыс» дәстанының поэтикалық уқсаслық тәреплери изертленилмегени бизди қызықтырды. Бул еки дәстанның сюжети, образлары ҳәттеки еки батырдың (Алпамыс, Манас) туўылыўы, өсип-раўажланыўы, еки батырдың әкесиниң, анасының тәғдириниң бир-бирине жақынлығы, көркемлик өзгешеликлери, поэтикасы, мотив ҳәм т.б. элементлерде көринеди.

**Әдебиятлар анализи.** Қарақалпақ халық дәстаны «Алпамыс», қырғыз халқының «Манас» дәстанлары ҳәр бир халықтың әдебияттаныў илиминде өз алдына изертленген. Белгили алым С.Баҳадырова өзиниң мийнетлеринде бул еки дәстанды салыстырмалы түрде изертлей отырып, олардағы қаҳарман образының жасалыўы, дәстанлардың сюжетиндеги уқсаслық ҳәм өзиншелик белгилерине айрықша тоқталып өткен [1]. Буннан тысқары дәстанларды атқарыўшылардан «Алпамыс»тың Хожамберген Ниязов (Өгиз жыраў) варианты [2], «Манас» дәстанының Саякбай Каралаевтың варианты [3] ең толық вариантлары сыпатында баспада жәрияланған.

**Тийкарғы бөлим.** Қырғыз халқының «Манас» ҳәм қарақалпақ халқының «Алпамыс» дәстанлары – еки халықтың әдебий ғәзийнесиниң ең үлкен үлгилери болып қалмастан, халықтың руўхый ғәзийнесиниң бийбаҳа мийраслары болып табылады. Бул дәстанлардағы уқсас мотивлер ҳәм сюжетлер, поэтикалық детальлар әдеўир баршылық екенин аңлаўға болады. Ҳәр еки дәстанда да өзлериниң қаҳарманлары – Манас ҳәм Алпамысты улығлайды, олар халықтың қорғаўшысы, әдиллик ҳәм ҳақыйқатлық тымсалы сыпатында усынылады.

Белгили қарақалпақ фольклорист алымы С.Баҳадырова да еки дәстандағы батырдың атларының бир-бирине уқсаслығы жөнинде пикир билдирген еди. Атап айтқанда С.Баҳадырова: - «…Алпамыстың алтай версиясының атамасындағы «Манаш» сөзи де «Алпамыс» деген сөздиң арасында «Манаш» сөзиниң жасырынып атырғанлығы ҳаққында дерек береди. «Алпманас», «Алп-памыс» бул бир-бирине жақын, ал «Манас» сөзиниң өзгериўинен туўылған деген пикирди үзил-кесил айтыў қыйын, ал усындай болған жағдайда «ман» сөзи ески монгол ескерткишлеринде «көпшилик», «аламан», «журтшылық» деген мәнисти аңлатады. Буннан көпшиликтиң ишинен келип шыққан батыр деген мәнистиң барлығын аңлаў қыйын емес» [1:11-12].

Қарақалпақ ҳәм қырғыз халықларының емес, пүткил түркий дүньяның, түркий халықлардың мәдений-фольклорлық мийрасларының бири есапланған «Алпамыс» пенен «Манас» дәстанларында халықларымыздың тарийхы, үрп-әдетлери, қәдириятлары, философиясы, көзқараслары ҳәм турмыслық тәжирийбелери сәўлеленген. Бул дәстанлардағы қаҳарманлар образлары, сюжетлик қурылысы ҳәм идеялық бағыты бир қанша өзгешеликлерге ийе.

«Алпамыс» дәстанында Алпамыстың батырлығы, өзине болған исеними ҳәм ўатанына, сүйикли муҳаббатына опадарлығы менен көзге тасланады. Оның қаҳарманлығы, ата-анасы, шаңарағы ҳәм урыў-аймағын, журтын, ўатанын қорғаў, урыўлар арасындағы аўызбиршиликти тәмийинлеў, ел бирлигин сақлаў баслы принципи болды.

«Манас» дәстанында Манас пүткил бир миллеттиң қорғаўшысы сыпатында сүўретленеди. Оның қаҳарманлығы тек ғана жеке мәпи ушын емес, өз журтын душпанлардан тазалаў, олардан қорғаў бойынша стратегиялық зейинлиги менен көзге тасланады.

«Алпамыс» дәстанның басланыўында бир-бири менен ҳақыйқый дос ҳәм туўысқанлық қарым-қатнаста болған еки урыўдың басшылары Байбөри менен Байсарының арасында сәл нәрседен жәнжел келип шығады, нәтийжеде Байсары қалмақ журтына көшип кетеди. Еки урыў басшылары арасында урыўдың, жәмийеттиң ыдыраў дәўиринде урыўдың дүзилисине тән болған ишки қарама-қарсылықлардан келип шыққан гүрес келип шығады.

«Ертедеги әййем заманда,
Ол заманның қәдиминде,
Жийдели Байсын халқында,
Қоңырат деген ел еди,
Руўы еди ырғақлы,

Байбөри, Байсары деген еки теңлес бай болып, дүньяға келеди. Мереке, сейил, ат шабысты қыздырып, екеўи қушақласып дос болды. Екеўиниң алдына түскендей Байсында адам болмады, дүньяның қызығы менен екеўи бийперзент өтип баратыр еди. Бир неше жылдан соң Байбөри айтты:

- Байсары жора, арзым бар, жалғаншыдан бизлер бийперзент, бийнышан өтетуғын болдық [2:7]».

«Манас» дәстанының Саяқбай Каралаев варианты поэтикалық қосық қатарлары менен басланып, онда Манас батырдың ата-бабалары хан болғанлығы, олардың атлары Бөйөн хан, Чаян хан, Огой хан,

Балакан, Каракан, Караканның сегиз ул бала болғанлығы, ең дәўжүреги Жақып екенлиги айтылады.

«Түп атасы Бөйөн кан,
Бөйөн кандан Чаян кан,
Чаян кандан Огой кан,
Огой кайдан оңойдур
Муну менен беттешкен
Адам жоголгон. [3: 16]»

Еки дәстанда да қаҳарманлардың шежиресиниң (батырлардың туўылыўы, келип шығыўы тарийхы) келтирилиўи қарақалпақ ҳәм қырғыз халықларының жети әўлад шежиресин билиў шәртлиги көзге тасланады. "Алпамыс" ҳәм "Манас" дәстанларында ата-аналардың перзентсизлиги өзине тән өзгешеликлери ҳәм уқсаслықлары менен сүўретленеди. Перзентсиз Байбөри менен Байсары ҳаққында сөз етилип, олардың биреўиниң Алпамыс, екиншисиниң Гүлпаршын атлы перзентлериниң туўылыўы, олардың туўылмастан бурын «ақлай қуда» болыўы, Байсары менен Байбөриниң тойда ылақ үстинде жәнжеллесип, Байсарының Тайшаханның елине қызы Гүлпаршынды алып көшип кетиўи, Алпамыстың ержетип қалыңлығы Баршынды Байшубар аттың белине минип излеп барыўы, Тайшаханның елинде қызы Гүлпаршынға ханның ҳәм Қаражанның ашық болыўы, Алпамыстың киятырғанын еситип Қаражанның таўда Алпамыс пенен алысыўы, Алпамыс пенен Қаражанның дос болыўы, Алпамыстың атын Қаражан минип оздырып, Баршынды Жийдели-Байсынға алып қайтыўы, Гүлпаршынның ата-анасының туўылып өскен елине қайтпай қалыўы, Алпамыстың екинши рет Тайшаханның қолында қалған Баршынның ата-анасын қутқарыўға атланыўы, буны билген Тайшаханның Алпамыстың жолын аңлып, мәстан кемпирдиң жәрдеми менен оны зинданға таслаўы, зинданда Алпамыстың Әшим атлы қой баққан Тайшаханның шопаны менен танысыўы, Әшимниң Алпамысты асыраўы, Әшим арқалы Алпамыстың Тайшахан патшаның қызы Арзайым менен танысыўы, Арзайымның көмеги менен Байшубар аты арқалы Алпамыстың зинданнан шығыўы, Тайшаханды өлтирип Алпамыстың Әшимди хан көтериўи, Гүлпаршынның ата-анасын азат етиўи, Алпамыстың Жийдели Байсында жоқлығынан пайдаланып, Ултанның Баршынды алыўға талапланыўы, басланып атырған тойдың үстине Алпамыстың душпанды жеңип келиўи, ата-анасын, баласы Жәдигерди, ҳаялы Гүлпаршынды Алпамыс Ултанның шырмаўынан босатып, елде тынышлық орнатып, мурат-мақсетине жетиўи сөз етиледи.

«Манас» дәстанында Жақып салтанаты артып, есапсыз байып, жасы елиўге келсе де еки ҳаялынан бир де перзенти жоқлығы, перзентли аталарды көргенде арланыўы, Қудаға зарланып, мойнына қоржын артып, әўлийелерге, кәраматлы зыярат орынларына сыйынып, мал-дүньясына ийелик ететуғын, дүньядан өтсе атам, әкем деп жоқлаў айтып жылайтуғын перзент тилеўи айтылады. Аўылына жақын жерден оған Акимбек дегенниң Меңдибай исмли улы ушырасып, Жақыптан қапалығының себебин сорайды. Оған да жуўап бермей, Жақып қатты жылаған ҳалда атын да байламай үйине киреди. Не болды деген байбийшеси Шыйырдыға ҳаялы туўмас, өзи қуўбас екенлигинен арланғанын айтып, наразылығын билдирип, үйиниң төрине өтип жатып алады. Уялған Шыйырды да жүк алдына бүкшийип жатып уйықлап қалды. Сол күни Жақып, Шыйырды ҳәм Жақыптың екинши ҳаялы Бақдәўлет әжайып түс көреди. Жақыптың байланбай қалған атын қуўып кеткен Меңдибай үйине қайтып келмейди. Меңдибайдың анасы уйықлап атырған Жақыпты көрип Шыйырдыға: ериңди оят, атын қуўып кеткен улым еле жоқ, түн ортасы болды, улым өлсе, дүнья-малыңды алмайман деп зәҳәрин шашады. Шыйырдың, Бақдәўлеттиң, өзиниң түси айтылады. Жақсы түс көргени ушын қырық-елиў мал сойып той берейик дейди Шыйырды. Бақдәўлет: «қырық емес, сексен сойып, ел шақырып, той берейик, жасың елиўге шыққанын билмейсең бе, ийесиз малды қызғанғаның неси», - дейди. Ҳеш нәрсениң анығы жоқ қатынларының сонша мал сойып той берейик дегенге ашыўы келип, үйден шыққан Жақыптың алдынан Меңдибайдың анасы Кәнимжан шығып: атыңды қуўып кеткен ўақтында жоғалған баламды таўып бер, елеге шекем излемей, баланың қәдирин билмеген қуў баслығың билинди деп қатты сөзлер айтады. Жақып буныки де дурыс деп, Меңдибайды излеп кетеди. Баланы излеп барған Жақып Ақ-Отақ деген жерде үстине ақ жолбарыстың терисин жамылып турған өз атын көреди. Баланы жолбарыс жеди деп қорыққан Жақыпты тоғайдан Меңдибай шығып келип сәлем береди. Атты излеп келип, қырық балаға ушырағанын, олар менен ойнағанын, ол балалар биз Жақыптың балаларымыз дегенди, балалардың бири жолбарысты өлтирип сойып, терисин атқа жаўып қойғанлығын айтады. Баланың сөзлерин еситип, ҳәмме ҳайран қалады. Кешеден бери болып атырған белгилер бийкарға емес екенлигин ойлап, Жақып той береди. Шыйырды ҳәмледар болады. Жолбарыстың жүрегине жерик болған Шыйырдыға таўып бере алмай көп әўере болады ҳәм Кочку атлы қалмақ атқан жолбарысты 90 түйе бийдайға сатып келеди.

Бул дәстанлардың көркемлик дүньясында, сюжетинде улыўмалық уқсаслықлар ушырайды. Қаҳарманлардың жоқары әдеп-икрамлылық пазыйлетлери, олардың халықты жаўыз күшлерден қорғаўдағы мәртлиги ҳәм ерлиги, сондай-ақ, урыслар ҳәм саўашларда бәрқулла жеңимпазлығы арқалы халықтың қәдирияtлары қорғалыўы сәўлеленеди. «Манас» ҳәм «Алпамыс» дәстанлары арасындағы уқсаслықлар соны көрсетеди, ҳәр еки халықта да қаҳарманлық, ўатанға садықлық ҳәм халық мәпин, ана ўатанды сүйиўи, оны биринши орынға қойыўы, Ана ўатанды кийели, кәраматлы журт деп билиўи менен баҳаланады.

"Алпамыс" дәстанында Алпамыс батырдың қалмақ елине атланысы, сапары, оның дәўжүреклиги төмендеги сыпатланады. Мысалы:

Мен мингенмен Байшубардың белине,
Душпан қорықсын жортқан аттың демине,
Көп еглеме, баба, енди бизлерди,
Сапарым бар Тайшыханның елине.
Беллериме алтын кәмар буўаман,
Нәмәрт болсам, неге анадан туўаман,
Жылаўымды қаға бермең, ғаррылар,
Кеткен ярды өлгенимше қуўаман [2:17].

"Манас" дәстанында былайынша сүўретленеди:

Ошондо Манас кабылан
Кутубий кебин уккан соң:
«Кейибе, Кутум, кейибе!

Тулпар тандап минели,
Кумурскадай кытайды
Курутуп, айдап сүрөлү!
Бул Алтайдын бөксөсү
Кокуй, Кутум, не дейсиң,
Жүрбөй турган жер беле?»
Ошону айтып эр Манас
Оозунан жалын бөлүндү,
Кайра тартпай урушаар
Кан ичме түрү көрүндү [3:25].

Жоқарыда келтирилген қатарлардан көринип турғанындай, ҳәр еки дәстанда да қаҳарманлардың өз халқын улығлап, душпанларға қарсы гүресиўге таяр екенлиги көзге тасланады. Бирақ, бул дәстанлар арасындағы айырмашылықлар да айрықша дыққатқа ылайық. Мәселен, «Манас» дәстанында қырғыз халқының турмыс тәризин ҳәм дәстүрлерин сәўлелендиретуғын өзине тән элементлер, детальлар бар болса, «Алпамыс» дәстанында Ўатанға муҳаббат туйғысы, ярға опадарлығы менен уйғынласып кеткен. Бул дәстанлар жасларымыз ушын тәрбиялық әҳмийетке ийе. Мысалы: Гүлпаршын Алпамыс пенен атастырылған болса да өзиниң ар-намысын, мақтанышын душпанлардың көзинше көрсетиўди, дәлиллеўди қәлейди. Алпамыстың жеңип шығатуғынына исенеди ҳәм бул жеңисти ҳәмме көрсин дейди. Әлбетте, бундай характер ҳәзирги замандағы жасларымыз ушын үлги десек, асыра айтқан болмаймыз.

«Манас» дәстаны дүнья фольклорындағы ең үлкен эпос сыпатында танылған. Бул уллы дәстан үш үлкен бөлимнен турады. Биринши бөлим Манас деп аталған. Усы бөлимде Манастың сыртқы душпанлар менен урысы ҳәм қырғызлардың азатлық гүреси ҳаққында сөз етиледи. Екинши бөлими Манастың улы Семетейдиң батырлығы сөз етилетуғын болса, үшинши бөлим Манастың ақлығы Сейтектиң өмири ҳаққында болады. Қырғызлар ортасындағы ағайинлер бәсекисиниң терең излерин Семетей ҳәм Сейтек мысалында көриў мүмкин. Түркий қәўимлер арасындағы аўызбиршиликтиң әҳмийети «Манас» дәстанында айрықша атап өтилген. Еки дәстанда да өз халқының үрп-әдетлери, исенимлери, турмыс тәризи, географиясы, мәмлекет дүзиў дәстүрлери, олардың материаллық ҳәм руўхый қәдириятлары сәўлеленеди. Мәртлик мәселеси еки дәстанда да әҳмийетли дәрежеге көтеледи. Мәселен, «Манас»та:

Манас кандын ордодон,
Бадышалык коргондон,
Маңдайдагы багынан,
Бадыша Манас тагынан
Бастырып чыкты салкайып.
Жоо-жарактын баарысын
Каныкейден кан Манас,
Сурап турду заңкайып.
Катын - деп айткан оңбосун,
Муну катын дегендер
Эгерим эки болбосун!
Жай-жарактын баарысын
Жайлап жүргөн эмеспи.
Атышка киер кийимди
Камдап жүргөн эмеспи.
Кан Манастын Аколпок
Тиштеп жатып Каныкей
Кашка тиши жоюлган,
Тиктеп жатып Аколпок
Кара көзү оюлган [3:16].

Ал «Алпамыс» дәстанында бөлинген журтты дүзиўши шахс тымсалы көзге тасланды. Бундай дүзиўши-дөретиўши шахсларда пүткил халық күши жәмленеди. Халықлық усыл мәмлекеттиң дүзилисине тийкар болса, Алпамыс киби, Манас киби шахслар туўылады. Манастың батырлық ислерин мақтаўға ылайық болса, бундай пазыйлетли, даналық ҳәм мәртлик, қаҳарманлық пенен уйғынласған туйғылар Алпамыста да бар.

Белгили алым Ж.Хошниязов өз изертлеўлеринде «Алпамыс» дәстанын түркий тиллес халықлардың эпослары менен байланыстырады. Бунда дәстанның дөретилиўине, сюжетине әййемги халықлардың жасаў шәрайты, көшпели сюжетлер тийкар болған деп көрсетеди. VIII-XI әсирлерде «Алпамыс» дәстан дәрежесине көтерилген деген пикир жүргизеди [4]. Демек, «Алпамыс» дәстанының қашан дөрегенлиги ҳаққында анық мағлыўматлар болмаса да, түрли халықлардың эпослары менен салыстырып отырып изертленген жумысларға қарай отырып, ерте дәўирлердеги дөрелген алтай халықларының ертек ҳәм эпосларында, татар халықларының эпосларына, өзбек, қазақ, қырғыз халықларына ортақ дәстанларға уқсас болып келген. Буннан олар жақын, туўысқан болған деген пикирлерден жырақ боламыз. Буған тек көшпели сюжетлер тийкар болған деген пикир айтамыз. Бизиң пикиримизше дәстан патриахаллық-руўшылық дүзимниң ыдыраў дәўиринде пайда болған деген пикирге келиўге болады.

«Алпамыс» ҳәм «Манас» дәстанларында қәўендер пир ҳәм ғайып еренлердиң перзентлерине ат қойыўы, олардың келешегин, әмелге асырыўшы ўазыйпаларын белгилеп бергенлиги уқсас болса да, олардағы усы сюжет қурамы өзине тән сәўлелендирилгенлигин көремиз.

**Жуўмақ.** Жуўмақлап айтқанда, «Алпамыс» ҳәм «Манас» дәстанлары түркий халықлардың улыўма мәдений турмысын сәўлелендиретуғын әжайып, баҳалы дәстанлары болып табылады. Олар арқалы халықтың тарийхый өтмиши, миллий мақтанышы ҳәм руўхый қәдириятлары әсирлер даўамында сақланып киятыр. Бул дәстанлардың салыстырмалы анализи олардың уқсаслықлары менен айырмашылықларын көрсетиў менен бирге, ҳәр бир дәстанның өз аймағына тән мәдений өзгешеликлерин да аңлаўға жәрдем береди.

**Әдебиятлар**


1. Баҳадырова С. «Китабы дедем Қорқыт», «Қоблан», «Едиге» ҳәм ҳәзирги әдебият ҳаққында ойлар. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992.
2. Қарақалпақ фольклоры, (көп томлық), I–VIII томлар, (Хожамберген Ниязов (Өгиз жыраў) варианты). – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2007.
3. Манас (баатырдық эпос Саякбай Каралаевдин варианты боюнча) «Турар». –Бишкек: «Турар», 2010.
4. Хожаниязов Ж. Қарақалпақ халқының қаҳарманлық дәстаны «Алпамыс». – Нөкис: «Билим», 1992.

**РЕЗЮМЕ.** Мазкур мақолада қарақалпоқ халқ достони «Алпомиш» ҳамда қирғиз халқининг «Манас» достонларидаги образ яратилишидаги ўхшашлик масалалари атрофлича ўрганилади. Шу билан бирга ушбу асарларнинг композицион тузулиши, сюжет линиясидаги, қаҳрамонлар характеридаги ўхшаш жиҳатлар тадқиқ этилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье подробно рассматриваются сходства в создании образов в каракалпакском народном эпосе «Алпамыс» и кыргызском эпосе «Манас». При этом изучаются композиционная структура, сюжетные линии и характеры персонажей этих произведений.

**SUMMARY.** This article examines in detail the similarities in the creation of images in the Karakalpak folk epic «Alpamiys» and the Kyrgyz epic «Manas». The compositional structure, plot lines, and characterizations of these works are examined.

# АБАЙ ШЫҒАРМАЛАРЫНДА ИЛИМ-БИЛИМ МӘСЕЛЕЛЕРИНИҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎИ

**Б.А.Давлетов –** *филология илимлериниң кандидаты, доцент*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** дидактика, поэзия, илм, билим, санъат, аҳлоқ, тарбия, фазилат, санъат, меҳнат.

**Ключевые слова**: дидактика, поэзия, наука, знание, искусство, мораль, воспитание, добродетель, искусство, труд.

**Key words**: didactics, poetry, science, knowledge, art, morality, upbringing, virtue, artistry, labor.

**Кирисиў.** Абай – қазақ халқының уллы сөз зергери. Ол тек ғана қазақ халқының арасында танылып қалмастан, пүткил дүнья жүзлик әдебият орталығында кең жәмийетшиликке өзиниң бийбаҳа мәнили сөзлери, әдебий шығармалары арқалы мәлим. Шайыр шығармаларында дүньяның, жәмийеттиң раўажланыўы, ел-халқының келешек тәғдирин жырлаў менен биргеликте инсан баласының уллылығын, адамгершилик пазыйлетлерин, әдеп-икрамлылық ҳәм тәлим-тәрбиялық мәселелерди жырлайды.

**Әдебиятлар анализи ҳәм методология.** Абай дөретиўшилиги қазақ әдебияттаныў илиминде ҳәр тәреплеме терең изертленген. Атап айтқанда, шайырдың әдебий мийраслары ҳәм оның көркемлик-стиллик изленислери, сүўретлеў қуралларының поэтикалық өзгешеликлери, эстетикалық көзқараслары З.Ахметовтың изертлеўлеринде талқыланған [1:59-85; 2]. Илимпаз М.Дулатовтың айтқанындай, «Абай қосықлары еситкенниң жүрегин жигерлендирерликтей тәбиийий…» [3:144] шығып, сыншы илимпаз К.Ысқақулының пикиринше, «халықты илимге умтылдырып, кеўил көзин ашпаққа ибрат ушын жазғанын билдирип қосық шығарған» [3:24]. Ал, Ахмет Байтурсынулы «Қазақтың бас ақыны» мақаласында, «не нәрсе ҳаққында жазса да Абай түбирин, тамырын, ишки сырын, қәсийетин қамтып жазады. Нәрсениң сырын, қәсийетин билип жазған соң сөзиниң бәри де халыққа тирелип, оқыўшылардың билимине сын болып, имтихан болып табылады» [3:136]. Ал, Абдирахман Сағди Абай ҳаққында, «Абай – ақыл, ғайрат, жүректи бирдей услаған адам» [3:159], – деп жазады. Абай дөретиўшилиги қарақалпақ әдебиятында И.Сағитов, Б.Исмайлов, С.Исмайлов, Қ.Жумажанов ҳәм т.б. изертлеўшилер тәрепинен кең талқыға тартылған [4].

Изертлеўдиң жүзеге келиўинде көркем – эстетикалық, биографиялық талқы методларынан пайдаланылды.

**Талқылаўлар ҳәм нәтийжелер.** Абай қәлеминен дөреген «Илим таппай мақтанба», «Билимлиден шыққан сөз», «Үлги алсын деймен жас жигитлер», «Интернатта жүр», «Әлипбе» қосығы», «Жасымда илим бар деп ескермедим», ҳәм т.б. қосықларында жас әўладқа үлкен исеним менен қарап, олардың сана-сезимлерин оятып, келешектеги уллы ислерге умтылдырыўы, яғный, жасларды терең илим-билим ийелеўге, кәсип-өнер үйрениўге шақырады. Мысалы, «Илим таппай мақтанба» қосығында:

Орын таппай бапланба,
Қумарланып шадланба,
Ойнап босқа күлиўге.
Бес нәрседен қашық бол,
Бес нәрсеге асық бол,
Адам боламан десеңиз.
Тилеўиң, өмириң алдында,
Оған қайғы жесеңиз.
Өсек, өтирик, мақтаншақ,
Ериншек, бийкар мал шашпақ –
Бес душпаның, билсеңиз.
Талап, еңбек, терең ой,
Қанаат, реҳим, ойлап қой –
Бес ҳасыл ис, көнсеңиз… [5.4.]

Қосықта адамларды өтирик, өсектен, мақтаншақлықтан, ериншекликтен, ысырапгершилик-тен аўлақ болыўға шақырып жақсы нәрселерди үйренип, табысқа ерисиўди мақсет етип, ҳадал мийнет етиўге шақырған. Мысалы:

Алым болмай немене,
Балалықты қыйсаңыз?
Болмасаң да уқсап бақ,
Бир алымды көрсеңиз.
Ондай болмақ қайда деп,
Айтпа илим сүйсеңиз,
Сизге илим ким берер,
Жанбай жатып сөнсеңиз?
Дүнья да өзи, мал да өзи,
Илимге кеўил бөлсеңиз
Билгенлердиң сөзине
Муҳаббат пенен ерсеңиз [5.4].

Балаларға жаманлық ислеўден тыйылып, жақсылық етиўди үлги етип, оған әмел қылыў, балалықтан билим алыўға, өнер үйрениўге қуштарлығын оятып, буның ушын жақсы инсанларға қулақ түриў ҳәм де ўақтыңды босқа өткермей жаслықтан мийнет етиў арқалы жететуғынлығын түсиндиреди. Қосықта адам бойында қандай жақсы пазыйлетлердиң болыўы кереклигин, қандай унамсыз иллетлерден аўлақ болыў зәрүрлигин нәсиятлайды.